

ENSTRIKSYON JENERAL POU RANPLI APLIKASYON EGZANSYON W LAN

Pa soumèt ankenn orijinal. Yo pap voye yo tounen ba w.

1. Tout moun ki pwopriyetè kay la ki abite ladan li fèt pou ranpli aplikasyon sa a.

Esepte si wap itilize yon aplikasyon ki deja enprime, ekri **TOUT NON W** ak **ADRÈS PWOPRIYETE AN** nan espas ki make sa-a. (Tache tout fèy adisyonèl ki nesesè).

2. Asire w ke w tcheke akote Tout EGZANSYON ke wap aplike pou yo an.

TANPRI NOTE: Egazansyon ki rele Homestead Exemption an se souvan yon barèm ki defini kalifikasyon pou divès lòt egzansyon enpo lokatif ki pèmi dapre Lwa Florid.

3. REPONN TOUT KESTYON YO ki sou Fòm Aplikasyon Egzansyon.

Yap asepte, kòm prèv Ke w rezide an Florid, nenpòt nan de pyès ki nan lis ki swiv pi ba la-a, ki te emèt anvan 1 janvye.

- Pèmi Kondwi Florid oswa Kat Didantite Florid
- SSA-1099 ou W-2 Ane Ankou an.
- Imatrikilasyon Eta Florid Oto an
- IRS 1040 Tax Return from previous year
- Kat Enskripsyon Votè Florid
- Lèt Travay sou papye ak Antèt Konpayi an.

ENPÒTAN: Soumèt **KOPI** de dokiman ke w chwazi nan lis pi wo la-a. Si wap aplike pou yon egzansyon Homestead sou yon pwopriyete ki an Titèl, se pou yon kopi Akò Titèl la enkli ak aplikasyon sa-a. Moun ki pa sitwayen Ameriken fèt pou enkli kopi ni devan ni dèyè kat rezidans yo an (ki vle di, grinkat la).



Aplike pou EGZANSYON VÈF/VÈV?

W **FÈT** pou soumèt sètifikasi desè mari w ou madanm w.



Aplike pou EGZANSYON ANDIKAPE?

Se pou w chwazi youn nan EGZANSYON ANDIKAPE ki sou lis nan fòm Aplikasyon Egzansyon Homestead la.

\$500 Andikape Sivil: Yon (1) sètifikasi doktè

Egzansyon Total Sivil: De (2) sètifikasi doktè (509-01-10) ak yon afidavid revni notarye (DR-501A)

\$5,000 Veteran Andikape: Lèt de VA (27-125) andikap la a 10 pouzan opu plis epi se sèvis militè a ki lakòz.

Egzansyon Total Veteran Andikape: Lèt de VA (27-333) andikap la total ak pèmanan epi se sèvis militè a ki lakòz.



Aplike pou EGZANSYON GRANDÈT?

Se pou ranpli fòm **DR-501SC**.

Aplikan kap ranpli pou premye fwa fèt pou soumèt yon Rapò Taks Federal [Federal Income Tax Return].

Enfòmasyon sou revni ekonomik chak manm fwaye an egzijib, menmsi yo pa pwopriyetè.



LI, SIYEN AK DATE APLIKASYON AN!

Tanpri soumèt nimewo telefòn w.